



Pou Piblikasyon Imedya: 03/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENSTWIKSYON POU MENNEN ANKÈT LETA SOU
DISTRIBISYON MATERYÈL KI AN RAPÒ AK KKK AK SIPREMASI BLAN YO
NAN KONTE ONEIDA AK LÒT KONTE YO**

***Gouvènè Cuomo Bay Fòs Entèkansyon sou Krim Rayisab yo Enstwiksyon Tou
pou Lanse Kanpay Sansibilizasyon Piblik pou Ede Moun New York yo
Batay Kont Ensidan Rayisab yo***

***Gouvènè Cuomo: “Pandan ke Prezidan Trump ansanm ak Repibliken yo ki nan
Washington ap seme divinite ak layèn ki ap gaye toupatou tankou yon kansè
atravè peyi a, nan New York nou di sa pa rive isit la, pa kounye a, pa jamè.
Mwen te òdone Lapolis Eta a pou yo mennen ankèt sou distribisyon deplorab
materyèl KKK yo nan divès konte epi mwen ap voye yon mesaj klè pou di ke New
York gen yon politik zewo tolerans kont entolerans”.***

An repons a distribisyon materyèl [Ku Klux Klan \(KKK\)](#) ansanm ak lòt materyèl ki an rapò ak sipremasi blan yo, ki gen ladan materyèl rekritman yo nan konte Oneida ak lòt konte yo, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Lapolis Eta a enstwiksyon jodi a pou mennen ankèt sou distribisyon materyèl sipremasi blan yo, pou detèmine orijin yo ak si yo te elabore pou pwomouvwa oswa ensite a krim rayisab yo, epi pou ogmante patwouy yo nan zòn nan. Gouvènè a te bay Fòs Entèkansyon sou Krim Rayisab yo (Hate Crimes Task Force) nan Lapolis Eta a ak Divizyon Dwa Zimen an (Division of Human Rights, DHR) enstwiksyon pou lanse yon kanpay sansibilizasyon piblik pou konbat layèn epi ede moun New York yo rapòte epi konbat ensidan rayisab yo.

“Pandan ke Prezidan Trump ansanm ak Repibliken yo ki nan Washington ap seme divinite ak layèn ki ap gaye toupatou tankou yon kansè atravè peyi a, nan New York nou di sa pa rive isit la, pa kounye a, pa jamè”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen te òdone Lapolis Eta a pou yo mennen ankèt sou distribisyon deplorab materyèl KKK yo nan divès konte epi mwen ap voye yon mesaj klè pou di ke New York gen yon politik zewo tolerans kont entolerans. Jodi a plis ke jamè, New York dwe batay kont krim rayisab yo epi kanpe kòm yon flanbo egalite ak divèsite.”

Gouvènè Cuomo te kreye [Fòs Entèkansyon sou Krim Rayisab yo](#) an 2017 pou konbat ogmantasyon nan rapò sou menas ki motive pa prejije yo, asèlman ak vyolans yo atravè Eta New York. Fòs Entèkansyon an, ki jere pa Lapolis Eta New York lan, te travay ak lidè konte yo, pwokirè distrik yo, lidè distrik eskolè yo, depatman lapolis lokal yo ak lòt pati konsène enpòtan yo pou idantifye epi mennen ankèt sou krim rayisab ki motive yo ak tandans ki gen rapò ak prejije, vilnerabilite kominote yo ak pratik diskriminatwa yo.

Ankèt Lapolis Eta a

Gouvènè a ap bay Lapolis Eta a enstwisyon pou mennen ankèt sou distribisyon materyèl sipremasi blan ak KKK yo nan divès konte New York, ki enkli pi resamman nan Konte Oneida, detèmine orijin yo, detèmine si yo an rapò ak pwomosyon oswa ensitasyon a krim rayisab yo, epi ogmante patwouy yo nan zòn nan. Nan kad ankèt la, Lapolis Eta a ap ofri asistans pou alafwa Lapolis Lokal la ak Biwo Cherif Konte a, ogmante patwouy lokal yo pou sipèvize konpòtman potansyèl ki sispèk yo, epi pataje enfòmasyon ak Divizyon Dwa Zimen an pandan dire ankèt la.

An plis, Lapolis Eta a pral pataje enfòmasyon ak resous ki soti nan Sant Entelijans Eta New York lan (New York State Intelligence Center). Antan ke sant fizyon Eta a, Sant Entelijans Eta New York lan sèvi kòm yon repètwa entelijans kriminèl nan tout eta a, ki gen ladan enfòmasyon sou krim rayisab yo. Lapolis Eta a pral ofri aksè adisyonèl a resous sa a pou ke fòs lapolis lokal yo ka itilize resous entelijans entansif yo ke Eta a gen pou ofri.

Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl lan (Division of Criminal Justice Services) ap administre tou finansman pou rezo Sant Analiz Krim atravè eta a (Crime Analysis Centers). Eta a ap envesti anviwon 7 milyon dola pou sipòte nèf Sant, ki gen pami yo Sant Analiz Krim Mohawk Valley a ki nan Konte Oneida. Klike [isit la](#) pou w jwenn yon kat jewografik rezo a. Sant Analiz Krim Mohawk Valley a te ofri asistans yo pou fòs lapolis lokal yo epi li ka bay yon sous sipò entelijans adisyonèl pou ankèt sa yo.

Kanpay Sansibilizasyon Piblik

Sou òdonans Gouvènè a, Fòs Entèkansyon sou Krim Rayisab yo pral travay ansanm tou ak òganizasyon lokal yo sou yon kanpay sansibilizasyon piblik pou konbat layèn epi ede moun New York yo rapòte epi konbat krim rayisab yo. Fòs entèkansyon an pral deplwaye ekip sou tèren an pou mennen yon kanpay sansibilizasyon edikatif epi pibliye enfòmasyon sou jan pou rapòte krim rayisab yo ki rive nan eta a, ki enkli lè y'ap rele liy asistans gratis lan oswa voye mesaj tèks "HATE" (LAHÈN) nan 81336.

An plis, fòs entèkansyon an pral jere yon sal konferans nan Konte Oneida pou diskite sou enkyetid lokal yo, edike kominote a sou dwa yo, epi eksplike jan pou yo rapòte krim rayisab yo.

Nou ankouraje tout Nouyokè ki fè eksperyans patipri oubyen diskriminasyon yo rele nan liy asistans gratis DHR an nan (888) 392-3644 soti 9 è a.m. rive 5 è p.m. Lendi-Vandredi oswa tèks "HATE" nan 81336. Si w vle rapòte yon krim oubyen krent pou sekirite w, rele 911 imedyatman.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)